

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Masarakat nu aya di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten mangrupa masarakat adat Sunda nu sok disebut masarakat Baduy, tapi aya ogé nu nyebut urang Rawayan atawa Kanékés. Jaro Dainah (dina Kurnia, 2010 kc.18) nétélakeun yén Kanékés ngaran Désa, Baduy ngaran masarakatna, lian ti éta mah sesebutan nu diciptakeun ku urang luar Baduy. Masarakat Baduy mangrupa masarakat adat Sunda nu masih pageuh ngagem ajaran karuhunna. Masarakat Baduy kabagi dua, nya éta aya nu disebut Baduy Jero jeung Baduy Luar. Masarakat Baduy miboga aturan husus dina ngatur polah dina hirup kumbuhna sapopoé. Éta hal diatur dina nu ngaranna amanat buyut (Pikukuh Karuhun). Sakumaha nu ditétélakeun ku Kurnia (2010, kc. 9) yén masarakat Baduy mangrupa masarakat anu tukuh kana aturan pikukuh karuhunna, jeung demokratis atawa henteu aya paksaan. Hartina masarakat dibéré kabébasan, saupamana aya nu teu sanggup ngajalankeun pikukuh adat, hukumanna nya éta dikaluarkeun ku Puun ti Baduy Jero (Cibéo, Cikartawana, Cikeusik) kalayan waktu nu tangtu atawa salilana.

Aturan-aturan adat nu dijieuun ku karuhun masarakat Baduy pikeun ngatur paripolah hirup masarakat sapopoéna nya éta kapamalian. Sakumaha nu ditétélakeun ku Hamidimadja (1998, kc. 61) yén masarakat Baduy Jero teu meunang (dipamalikeun) bobogohan di leuweung, numpak kandaraan (motor, mobil, kapal, jsté) bisi datang mamala. Aya ogé pamali nu lumaku boh keur masarakat Baduy boh keur tamu nu datang ka Baduy sakumaha nu ditétélakeun ku Hamidimadja (1998, kc. 58) yén teu meunang ngala bungbuahan nu aya di kebon batur, bisi bareuh beuteung. Nepi ka kiwari pamali masih digunakeun jeung percaya. Kapamalian diwariskeun ti generasi ka generasi sacara lisan. Kurnia (2010, kc. 9) nétélakeun yén masarakat Baduy Jero, ngagem pageuh kana sakabéh kapamalian nu aya geus dijieuun ku karuhunna. Rada béda saeutik jeung masarakat Baduy Luar nu geus kapangaruhan sababaraha kapamalianna geus teu lumaku.

Sanajan kitu kapamalian nu sipatna wajib mah masih dipercaya. Kabuktian nepi ka kiwari pamali masih kénéh hirup jeung tatalépa ti generasi ka generasi.

Pamali mangrupa panyaraman nu dijieun ku karuhun nu diwariskeun ka turunanana. Unggal wewengkon miboga pamali anu bédá jeung wewengkon séjén, sanajan aya sababaraha ogé pamali anu sarua. Sakumaha nu ditétélakeun ku Hidding (dina Rahmat K, 2000, kc. 15) yén pamali nya éta panyaraman nu sipatna teu logis jeung nyingsieunan nu diwariskeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi saterusna. Nyingsieunan di dinya miboga harti lamun éta pamali dirempak bakal ngabalukarkeun cilaka atawa katulah, balai, nepi ka tungtungna maot nu tumiba boh ku nu ngarempakna boh ka masarakat sabudeureunna. Pamali lamun ditilik tina harti lain saukur istilah anu diucapkeun sagawayah, tapi tina éta pamali téh miboga ajén atikan pikeun ngatik sacara teu langsung sangkan budak bisa nurut kana naon-naon nu diucapkeun ku kolotna.

Pamali mangrupa produk folklor satengah lisan nu mangrupa bagéan tina kabudayaan. Aya tilu wangun folklor nya éta folklor lisan, folklor satengah lisan, jeung folklor non-lisan. Éta hal nu ngajadikeun pamali kagolong produk foklor satengah lisan, lantaran pamali salian ti sumebar sacara lisan, pamali ogé dipercaya ku masarakat dina hirup kumbuhna minangka aturan adat ti karuhunna.

Pamali kagolong kana kaarifan lokal, lantaran pamali dijieun jeung dihasilkeun tina pangaweruh hiji kelompok masarakat. Éta hal saluyu jeung nu ditétélakeun ku Alwasilah (2009, kc. 51) yén kaarifan lokal téh mangrupa prosés kumaha éta pangaweruh dihasilkeun, diteundeun, dilarapkeun, diolah jeung diwariskeun. Kaarifan lokal dijadikeun pangajaran hirup di masarakat, lantaran miboga ajén-inajén atikan nu ditepikeun sacara teu langsung, salah sahijina ngaliwatan pamali.

Ajén-inajén atikan nu didadasaran ku kaarifan lokal sok disebut étnopédagogi atawa étnopedagogik. Pikeun kapentingan ieu panalungtikan, ngagunakeun istilah étnopédagogi. Sakumaha nu ditétélakeun ku Alwasilah (2009, kc. 50) yén étnopédagogi mangrupa prosés atikan nu dadarsarna tina kaarifan lokal dina rupa-rupa hal. Éta nu rupa-rupa hal ngawengku cara ngubaran sagala rupa panyakit, seni béra diri, lingkangan hirup, sistem tatanén, ékonomi, pamaréntahan, sistem palintangan jeung sajabana. Suryalaga (dina Sudaryat 2015, kc. 120) nétélakeun

yén étnopédagogi didadasaran ku ajén-ajén budaya nu ngawengku ajén atikan, agama, sosial, jeung moral. Tina ajén-ajén budaya tadi ngalahirkeun ajén-ajén étnopédagogi nya éta paripolah nyunda tri-silas, catur jatidiri insan, panca rawayan atawa gapura panca waluya, jeung moral kamanusaan.

Ku kituna ieu panalungtikan ngeunaan pamali téh kacida pentingna dilaksanakeun. Pangpangna mah pikeun maluruh naon sabenerna ari pamali téh, naha ngan saukur panyaraman karuhun sangkan teu ngalakukeun hal-hal nu dianggap goréng, atawa disagédéneun éta aya hal-hal séjén nu patali jeung atikan nu hayang ditepikeun ku kolot baheula sangkan jaga dina kahirupan kahareupna generasina bisa hirup sayununan jeung tingtrim. Éta hal tangtu kudu dipaluruh sangkan éta ajén-ajén nu nyamuni dina kapamalian bisa kaguar ogé fungsina bisa angger hirup dina tatanan kahirupan masarakat kiwari.

Panalungtikan ngeunaan pamali kungsi aya nu maluruh di sababaraha wewengkon. Anapon sababaraha panalungtikan ngeunaan pamali nu kungsi dilakukeun nya éta dina wangun Skripsi nu judulna “Ajén Atikan dina Folklor Kapamalian anu aya di Désa Tanjungsari Kecamatan Cicaléngka Kabupaten Bandung (Ulikan Semiotik)” nu dilakukeun ku Diani Permasih dina taun 2014, aya deui panalungtikan dina wangun skripsi anu judulna “Pamali dina Kakandungan anu aya di Désa Jayagiri Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII” nu dilakukeun ku Sri Aprianti dina taun 2015, sarta kungsi aya panalungtikan nu ditulis dina wangun Tesis anu judulna “Pamali dina Kahirupan Masarakat Kecamatan Cigugur Kabupaten Kuningan (Ulikan Sémiotik jeung Étnopédagogi)” nu dilakukeun ku Hesti Widiastuti taun 2015.

Panalungtikan ngeunaan kapamalian nu aya di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupaten Lebak-Banten mah can aya nu nalungtik. Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan kana ieu judul “Kapamalian di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupaten Lebak-Bantén (Ulikan Étnopédagogi)”.

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta, kahiji maluruh kapamalian nu aya di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten, kadua mikanyaho fungsi jeung ngaklasifikasi pamali nu aya di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten, sarta nganalisis ajén étnopédagogi dina pamali nu hirup kumbuh di masarakat Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun deui ngagunakeun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kapamalian naon baé nu sumebar di Désa Kanékés?
- 2) Kumaha papasingan jeung fungsi pamali dina kahirupan masakan di Désa Kanékés?
- 3) Kumaha kamekaran kapamalian nu aya di Désa Kanékés dina mangsa kiwari?
- 4) Ajén étnopédagogi naon baé nu nyampak dina kapamalian masarakat Désa Kanékés?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nya éta: 1) tujuan umum, jeung 2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dina ieu panalungtikan miboga tujuan umum nya éta pikeun ngaguar ngeunaan ajén-ajén étnopédagogi nu nyampak dina kapamalian masarakat Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten.

1.3.2 Tujuan Husus

Dina tujuan husus, ieu panalungtikan téh miboga udagan hayang ngadéskripsiun:

- 1) kapamalian nu aya di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten;
- 2) papasingan jeung fungsi pamali dina kahirupan masarakat di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten;
- 3) kamekaran kapamalian di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten;
- 4) ajén étnopédagogi nu nyampak dina kapamalian masarakat Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nya éta: 1) mangpaat tina segi tioritis, jeung 2) mangpaat tina segi kawijakan, 3) mangpaat tina segi praktis, jeung 4) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan kabudayaan jeung tradisi masarakat Sunda hususna dina widang tradisi lisan kapamalian.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan nya éta dipiharep bisa jadi tinimbangan Pamaréntah Daerah, Dinas Pendidikan, jeung Pariwisata keur kahareupna sangkan ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji pangajaran boh di sakola formal boh informal.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan ajén-ajén étnopédagogi nu nyangkaruk dina pamali nu aya jeung sumebar di masarakat, hususna pikeun panalungtik, umumna pikeun masarakatna sorangan, budayawan jeung guru.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber pangaweruh masarakat atikan nu didadasaran ku kaarifan lokal nu salah sahijina pamali kalayan tetep dijaga jeung diwariskeun ka turunanana sangkan teu leungit dina kahirupan masarakatna jaga.

1.5 Raraga Tinulis

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nya éta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tinulis atawa struktur organisasi skripsi.

Bab II medar ngeunaan tiori-tiori nu dijadikeun dadasar panalungtikan sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Tiori-tiori nu pedar ngawengku folklor, kaarifan lokal, pamali, jeung étnopédagogi. Dina kajian pustaka, panalungtik matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung tiori-tiori hasil tina panalungtikan nu geus dilakukeun ku para ahli.

Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, métode panalungtikan, sumber data, partisipan jeung tempat panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, jeung isu étik.

Bab IV medar hasil panalungtikan nya éta analisis data nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, jeung pedaran intina atawa analisis nu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina Bab II.

Bab V medar ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analisis panalungtikan. Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan jeung pedaran dina Bab IV dumasar kana rumusan masalah, méré sawangan ngeunaan implikasi tina hasil panalungtikan, sarta rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.